

Pou Tout Pasyan ak Vizitè yo



Tous?



Fyèl?



**Nouvo bagay
ki leve sou ou?**



**Pwoblèm
Vant?**



Ou santi w pa byen?

Panse pou w Vizite nou yon Lòt Jou

Pou nou ka kreye yon anviwònman ki pi sekirize posib la pou tout moun, si jodi a ou pa santi w byen, tanpri panse pou w vizite HSS la yon lòt jou lè santi w fè mye.



Deklare Sentom Ou yo

Ak Rapò Vwayaj ou Bay Anplwaye Nou yo

Si ou menm oswa yon moun ou te gen kontak sere ak li te malad, oswa ou te an kontak ak yon maladi enfektyez (tankou COVID, grip, lawoujòl), oswa si ou te fè yon vwayaj entènasyonal oswa ou te ale nan yon zòn ki gen anpil risk epi kounye a ou vin pa santi w byen.



Lave Men w Souvan

Lave men w souvan ak savon epi ak dlo oswa alkòl pou men pandan omwen 15 segonn, byen mouye tout espas ni fant dwèt ou, espesyalman apre w sot nan twalèt, apre w fin touse oswa estènen, epi lè w ap antre ak lè w ap soti nan kare swen pasyan yo. Lave men sove lavi!



Bare Lè w Ap Touse!

Kouvri bouch ou ak nen w ak yon mouchwa lè w ap touse oswa lè w ap estènen, oswa touse oswa estènen nan anlè manch rad ou, pa nan men w. Mete mouchwa papye ki itilize deja yo nan yon poubèl epi netwaye men w.



**Suiv Rekòmandasyon Anplwaye yo
Bay pou Pratik Sekirite yo**